

# Lekòl nan lang franse

## Nou akeyi nouvo elèv

### Ou fèk vin nan Ontario? Enben, men enfòmasyon kap ede-w konprann sistèm edikasyon nan lang franse nan Ontario

#### Aprann franse a se yon avantaj pou elèv yo

Gen anpil avantaj pou elèv ki pale plis pase yon sèl lang. Aprann yon lòt lang ede elèv yo:

- ranfòse konpetans yo pou yo kapab rezoud pwoblèm, gen bon rezonman ak kreativite
- konprann epi apresye lòt kilti
- ògmante chans yo kote moun ap travay ak plizyè lang toutan.

Aprann franse ede elèv yo konprann istwa Kanada epi pèmèt yo apresye pibyen kilti franse a.

#### Kijan yo anseye franse nan lekòl Ontario

Nan sistèm edikasyon piblik nan Ontario, gen plizyè fason elèv yo kapab aprann franse:

- kòm premye lang nan yon lekòl franse, oubyen
- kòm dezyèm lang nan yon lekòl anglè.

Nan lekòl franse yo, tout sijè ki nan “kourikoulòm” Ontario a li anseye an franse. Lekòl yo dwe bay elèv yo yon fondasyon solid nan kilti “frankofòn”. Nan lekòl anglè, elèv yo aprann franse kòm yon sijè. Nan pwogram imèsyon franse, elèv yo aprann franse kòm yon sijè, epi se an franse yo bay enstriksyon nan de sijè oswa plis.

#### Ki moun ki gen dwa ale nan yon lekòl franse?

Nan Ontario, nou garanti enstriksyon an franse pou timoun ki gen paran sitwayen Kanadyen. Yo gen dwa resevwa enstriksyon nan lang minorite a dapre yon konstitisyon ki rele “La Charte Canadienne des droits et Libertés”

Paran sa yo gen yon dwa ki otomatik. Yo rele “Eyan Dwa”

Yon “Eyan Dwa”, se yon sitwayen Kanadyen ki rete nan Ontario epi ki:

- premye lang li se franse
- te fè lekòl primè li nan yon lekòl franse nan Kanada
- se paran yon timoun ki te fè klas li nan yon lekòl franse nan Kanada.

Si-w pa yon “Eyan Dwa”, ou toujou ka fè aplikasyon pou voye timoun ou nan yon lekòl franse. Lekòl franse yo ankouraje fanmi ki fèk vini Ontario pou yo fè aplikasyon.

#### Men kijan pou w fè aplikasyon nan yon lekòl franse

Si ou vle voye pitit ou nan yon lekòl franse, ou dwe:

- idantifye lekòl lang franse ki pibon pou ou
- voye yon aplikasyon bay Direktè lekòl la.

Elèv ki gen laj diznèvan ou plis gen dwa voye pwòp aplikasyon pa yo. Elèv ki gen paran “Eyan Dwa”, yo aksepte otomatikman. Elèv ki pa gen paran ki “Eyan Dwa”, se yon komite admisyon nan konsèy lekòl la kap konsidere aplikasyon yo.

si ou pa yon “Eyan Dwa”, konsèy lekòl la kapab di-w kijan pou w fè yon aplikasyon epi ki dokiman pou w bay. Nòmman fòk ou bay:

- prèw laj timoun nan
- prèw kote oumenm oubyen pitit ou rete
- dosye/rezilta lekòl pitit ou
- dosye vaksinasyon pitit ou.

Komite admisyon nan Konsèy lekòl la kapab mande plis enfòmasyon.

Tankou, yo kapab mande pou w reponn kesyon sou kijan ou pratike franse a lakay w epi ki lang ou pale epi ekri. Si dokiman enpòtan sa yo pa disponib, konsèy lekòl la ta dwe ba-w lòt chwa. Konsèy lekòl la ka mande pou oumenm oubyen timoun ou (si li gen diznèvan ou plis) fè yon sèman ki bay enfòmasyon enpòtan epi ki eksplike pouki sa dokiman enpòtan sa yo pa disponib.

## Règleman ak kondisyon pou admisyon

Chak komite lekòl franse fè pwòp règleman admisyon li ki eksplike klèman kijan yo trete aplikasyon yo ak kijan rezilta yo pral dokimante epi kominike. Pou moun ki pa “Eyan Dwa”, kondisyon admisyon an baze sou yon evalyasyon pou chak fanmi. Eske li kapab ede pitit li reyisi nan yon lekòl franse. Men sa kondisyon yo ka ye:

- nivo fasilite elèv ak franse a
- eske elèv la vle aprann franse
- eske paran an reyèlman vle ede elèv la nan devlopman akademik li an franse.

## Kijan paran ak elèv yo ap fè konnen desizyon lekòl la

Komite admisyon an ap toujou kapab di moun ki fè aplikasyon an ki desizyon yo pran, men yo dwe voye yon konfimasyon ekri touswit aprè. Avi konfimasyon sa dwe eksplike rezon desizyon an. Komite admisyon

an dwe asire ke desizyon an dokimante epi dokimantasyon sa yo disponib pou paran ak elèv ki vle revize yo.

Gen konsèy lekòl ki ka gen pwòp fason pa yo pou moun revize desizyon yo, epi pwosesis sa a dwe byen eksplike nan règleman yo.

## Men kijan w kapab jwen yon lekòl oubyen yon konsèy lekòl franse

« L’Outil de recherche d’information sur les écoles » se yon zouti sou entènèt ki pèmèt yon moun chache nenpòt lekòl finansè pa fon piblik nan Ontario pa kòd postal, vil, non lekòl la oubyen konsèy lekòl. Wap kapab jwen yon lekòl oubyen konsèy nan Ontario sou:

[www.edu.gov.on.ca/fre/sbinfo/](http://www.edu.gov.on.ca/fre/sbinfo/)

Oubyen ou ka itilize zouti rechèch lekòl lang franse a ki nan lyen sa-a

[www.elfontario.ca/fr/trouver-ecole.html](http://www.elfontario.ca/fr/trouver-ecole.html)

ou sou sit entènèt edikasyon nan lang franse nan Ontario: [www.elfontario.ca/](http://www.elfontario.ca/)

## Ou ka aprann plis sou edikasyon an franse

Pou plis enfòmasyon, w mèt kontakte lekòl oubyen konsèy lekòl ki pi pwòch la sou:

[www.edu.gov.on.ca/fre/amenagement/](http://www.edu.gov.on.ca/fre/amenagement/)

Wap jwenn plis enfòmasyon sou règleman ki gouvènè admisyon nan lekòl franse yo sou:

[www.edu.gov.on.ca/fre/document/policy/admissions.pdf](http://www.edu.gov.on.ca/fre/document/policy/admissions.pdf)

[www.edu.gov.on.ca/extra/fre/ppm/l48.html](http://www.edu.gov.on.ca/extra/fre/ppm/l48.html)

## Ou gen lòt kesyon?

Pou plis enfòmasyon, ou mèt kontakte lekòl oubyen konsèy lekòl ki pi pwòch la sou:

[www.elfontario.ca/fr/contacts.html](http://www.elfontario.ca/fr/contacts.html)

Disponib nan wit lang sou: [www.edu.gov.on.ca/fre/amenagement/](http://www.edu.gov.on.ca/fre/amenagement/)

English

Anglè

Français

Franse

عربي

Arab

Kreyol

Español

Espayòl

Lingala

Lingala

Kiswahili

Swahili

Tiếng Việt

Vyètnamyen

ISBN 978-1-4606-2827-0 (PDF) ISBN 978-1-4606-2819-5 (Print) (Creole)

Ⓢ Enprime sou papye resikle

© Enpwimè Rèn nan pou Ontario, 2013